2026 ГОД ЕДИНСТВА НАРОДОВ РОССИИ

Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и МахуэмкIэ!

УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№82 (14139)

Черкес хэку

2026 гъэ, щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 5, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъухэр

ПУТИН Владимир, Урысейм и Президент:

«Сывохъуэхъу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Махуэм и щIыхькIэ!

Мы махуэщIыр теухуащ ди къэралыр гузэвэгъуэ щихуа лъэхъэнэм я гум и къыхуеджэныгъэкIэ Хэкур яхъумэну къэтэджа, бийм ятекIуа, ди къэралыгъуэшхуэр къэзыгъэщIэрэщIэжа икIи зыгъэбыда ди цIыхубэм и лIыхъужьыгъэ иным.

Ди нэхъыжьхэм я зауэ, гуащIэдэкI зэфIэкIхэр, ахэр зэрызэкъуэтымрэ Хэкум хуаIэ фIылъагъуныгъэмрэ, хэкупсагъэмрэ псэкупсагъэмрэ зэрыхуэпэжыр къытщIэтаджэ щIэблэщIэхэмкIэ щапхъэ нэсщ.

Сывохъуэхъу ехъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ, фIыгъуэ фыщымыщIэну!»

МИШУСТИН Михаил, УФ-м и Премьер-министр:

«Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и МахуэмкIэ сывохъуэхъу!

Мы махуэщIыр 1612 гъэм Хэкум и щхьэхуитыныгъэр зыхъума, ди лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ я лIыхъужьыгъэмрэ я нагъыщэщ. А ТекIуэныгъэм и фIыгъэкIэ урысей къэралыгъуэр къэщIэрэщIэжащ.

ЛIыщIыгъуэ куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ зэрыщытам хуэдэу, нобэ ди цIыху мелуанхэм я зэкъуэтыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр — ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр гъэбыдэным, Урысейм зиужьынымрэ егъэфIэкIуэнымрэ лъабжьэ хуохъу.

Сывохъуэхъу фи лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ щывIэну, узыншагъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ фыщымыщIэну!»

ЧАЙКА Юрий, УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу Ищхъэрэ–Кавказ федеральнэ хэгъуэгум щыIэ:

«Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и МахуэмкIэ — ди къэралым и лIыщIыгъуэ тхыдэр здызэхэухуэна, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэри къызэрызэдзэкIыфынумкIэ фIэщхъуныгъэ къытхэзылъхьэ махуэщIымкIэ!

Ди Президент Путин Владимир Владимирович Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу игъэува 2026-нэ гъэр хэкупсагъэм и тхыдэмрэ и псэ къарумрэ я къежьапIэу зэрыщытым куууэ дегупсысыным и зэман хъуащ.

Куэду зэхэт ди лъэпкъхэм я щэнхабзэхэмрэ хабзэхэмрэ пщIэ зэрыхуащIыр, дин зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэр зэрызэгурыIуэр зи лъабжьэ зэкъуэтыныгъэм ди Урысеишхуэм и дэнэ къуапи нобэ къыподжэж. ИкIи аращ лъабжьэ быдэ хуэхъур ди къэралым и къарумрэ и лъэщагъэмрэ, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэми дызэрыпэщIэтыфым.

Ди къэралым и щхьэхуитыныгъэмрэ цIыхухэм я хьэлэмэтхэмрэ тегъэчынауэ зыхъумэ ди Лъэпкъ пашэм дзыхь зэрыхуэтщIыр пщэдейрей махуэм дыгушхуэу дыпэплъэнымкIэ, щIалэгъуалэм Хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэнымкIэ, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм дригушхуэныкIэ ди щIэгъэкъуэнщ.

Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу узыншагъэ быдэкIэ, зэIузэпэщыныгъэкIэ, Урысейм и цIэкIэ жэуаплъыгъэ зыпылъ фи лэжьыгъэм къарумыкIуэщI щывIэну!»

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ!

Ди гум къыбгъэдэкIыу дывохъуэхъу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и МахуэмкIэ!

Мы махуэщIым дигу къегъэкIыж Урысейр сыт хуэдэ зэманми лъэпкъ зэкъуэтыныгъэкIэ зэрылъэщыр. Мининымрэ Пожарскэмрэ я ополченэр къызыхэкIар дин, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщ цIыхухэр зы мурадым хуэунэтIауэ зэрызэкъуэувараш. А зэкъуэтыныгъэм и хабзэр ноби къыддокIуэкI, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я хьэл-щэнымрэ я къарумрэ игъэбелджылыуэ.

Араш дэркIэ зэкъуэтыныгъэр — зы щIыкIэм темыту, атIэ лъэпкъ къэс и щхьэхуэныгъэм хуэщIа пщIэм тещIыхьауэ зэрыщытыр мызэ-мытIэу къыхэзыгъэща Урысейм и Президент Путин Владимир и псалъэхэр куууэ, шэщIауэ щIэIур. Президентым и унафэкIэ 2026 гъэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу игъэуващ икIи а жэрдэмым щэнхабзэ, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэхэм къахэкIа лIыкIуэхэр здызэдэпсэу Къэрэшей-Черкесым гулъытэ хэха щегъуэт.

А Iуэхугъуэшхуэм зэрыдэтIыгъым и щыхьэту, республикэм щыдогъэкIуэкI Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэ, щэнхабзэ щIэинхэм я Илъэсыр. Ар лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным, Хэкум щыпсэу лъэпкъ псоми я тхыдэмрэ хабзэмрэ пщIэ хуащIу щIэблэр къэгъэтэджыным хуэтщI хэлъхьэныгъэщ.

Нобэ а зэрыIныгъэр къыщыхощ ди зауэлIхэм, зауэ операцэ хэхам хэтхэм, я быдагъэмрэ я лIыгъэмрэ. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ я адэшхуэхэмрэ я адэжьхэмрэ зэращIам хуэдэу, абыхэм тхыдэм и пэжыр, Урысейм и хуитыныгъэр, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр яхъумэ. Абыхэм я лIыхъужьыгъэр — лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и хабзэм пызыщэщ, Хэкур фIыуэ лъагъуныр ди дежкIэ псалъэ къудейуэ зэрыщымытым и щыхьэтщ.

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ, узыншагъэ быдэ, ефIэкIуэныгъэ, насып фи унагъуэхэм щывIэну ди гуапэщ. Унагъуэ къэс зэгурыIуэныгъэрэ тыншыгъуэрэ илъу, ди Урысей Иныр махуэ къэс нэхъ лъэщ хъууэ ирекIуэкI!

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ

ИВАНОВ Александр,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ.

АРГУН Мурат,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ

ПщIэ зыхуэсщIу, Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэухэ!

Сывохъуэхъу ди къэралымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэщIымкIэ — лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Махуэм и щIыхькIэ!

Мы махуэм урысей цIыхуэр зэкъуегъэувэ, Хэкум и тхыдэ гъуэгур зэрызэпымыуныр, зэкъуэтыныгъэм и къарур, нобэрей ехъулIэныгъэхэм я мыхьэнэр зыхыдегъащIэ. Нэхъыжьхэм къытхуагъэна фIыгъуэм Хэкур фIыуэ лъагъунымрэ хэкупсагъэмрэ-дызэкъуагъэувэ икIи дызэрыубыдыным лъабжьэ быдэ хуохъу.

Лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым ди адэшхуэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэ зэрахьа лIыгъэмрэ ехъулIэныгъэмрэ щагъэлъапIэ, щIэблэщIэхэм лIыхъужьыгъэмрэ зауэмрэ ятеухуа фэеплъ хъыбархэр къыхуагъанэ.

Ди Президент Путин Владимир игъэува лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым ипкъ иту, къэрал псом хуэдэу, Къэрэшей-Черкесым щокIуэкI ди къэралым дызэрыригушхуэр, ди тхыдэмрэ Урысешхуэм и лъэпкъхэр быдэу дызэрызэкъуэтымрэ пщIэ зэрыхуэтщIыр къэзыгъэлъагъуэ гурыщIэхэр зыгъэбыдэ дауэдапщэхэр.

Сывохъуэхъу узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, мамырыгъэ, фIыгъуэ фиIэну, Хэкум и ефIэкIуэныгъэм и цIэкIэ Iуэхущ Iэхэр зэфIэвгъэкIыну!

КЪЭЗЭНОКЪУЭ Кърым,
УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм Федерацэмкlэ и Советым Къэрэшей-Черкес Республикэм къыбгъэдэкIыу хэт сенатор

Сессием къикIыу

Хабзэубзыху жэрдэмхэр

Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и VII зэхуэшэсыгъуэм и къыкIэлъыкIуэ 28-нэ сессиер екIуэкIащ.

Пленар зэIущIэм хэтащ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид. Ар ехъуэхъуащ Парламентым и депутат Катчиев Исмэхьил илъэс 70 зэрырикъуам и щIыхькIэ икIи парламентаризмэм зегъэужьыным, ди хэгъуэгур егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуищIам къыхэкIыу хуигъэфэщащ езым къыбгъэдэкIа ЩIыхь тхылъыр.

Къинэмыщlауэ, апхуэдэ хъуэхъу гуапэр хуигъэфэщащ Парламентым промышленностымкIэ и комитетым и тхьэмадэ Щынахъуэ Кърым.

АдэкIэ, спикер Иванов Александр и нэIэм щIэту депутатхэр хэплъащ Iуэхугъуэ 22-м.

Япэ упщIэр теухуауэ лъэныкъуэгъаззери тыншу къагъэIэрыхуэфу къызэрагъэпэщынущ.

Къинэмыщlауэ, депутатхэм къащтащ республикэм и социальнэ гъащIэм хуэгъэза унафэхэр — цIыхухэр социальнэу хъумэнымрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ къыщегъэжьауэ инфраструктурэм зегъэужьынымрэ республикэм и хабзэубзыхум егъэфIэкIуэнымрэ щыщIэкIыжу.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ градоухуэныгъэ лэжьыгъэм; учет ягъэувын, псэупIэкIэ къызэрагъэпэщын мурадкIэ цIыхур зэхуэмыщIауэ зэрыпсэур, дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэныкъуэр къызэралъытэ щIыкIэм; балигъыпIэм имыува ныбжьыщIэхэм я Iуэхухэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэкIэ республикэм и комиссэм теухуа упщIэ щхьэхуэхэм яхуэгъэза республикэ хабзэхэм я проектхэм.

АдэкIэ ди хэгъуэгум и Правительствэм отчет къищIащ 2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэ бюджетыр зэригъэзэщIам теухуауэ. КъЧР-м финансхэмкIэ и министр Камышан Вадим бжыгъэ нэхъыщхьэхэм къытеувыIащ.

Сессием и кIэм депутатхэм къащтащ «Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и хьэрычэтыщIэ» щIыхьыцIэр къэгъэщIыным хуэгъэза къыхэлъхьэныгъэм.

Апхуэдэ щIыхьыцIэр хуагъэфэщэнущ илъэсипщI мынэхъ мащIэу ди хэгъуэгум хьэрычэт Iуэху щызыгъэзащIэ унафэщIхэм е Iуэхущlапlэхэм я учредителхэм, республикэм щыщIэтха уней хьэрычэтыщIэхэм.

ЕЗАУЭ Маринэ

«Радуга единства»

Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ «Алые паруса» купсэм жэпуэгъуэм и 29-м «Радуга единства» фестивалыр щекIуэкIащ. Дауэдапщэр къызэрагъэпэщащ мы гъэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым ипкъ иту.

Зэкъуэтыныгъэм и лэгъупыкъу

Ди купсэм нобэ игъэхьэзыра дауэдапщэр лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщIым хуэкIуэу зэхэдублащ. Ди махуэщIым къытхуеблэгъа дэтхэнэми тхьэгъэпсэу яжыдоIэ! Нэхъыщхьэр аращи мыпхуэдэ дауэдапщэхэм сабийхэм я Хэкур, лъэпкъ къызыхэкIар фIыуэ ялъагъуу, нэгъуэщI лъэпкъхэми пщIэ хуащIу ягъасэ, — жиIащ «Алые паруса» купсэм и унафэщIым и къуэдзэ Михайловэ Татьянэ.

ЧЫРБЫЖ Иринэ

Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и фэеплъ Iуэхугъуэ дахэм къеблэгъащ Министерствэм и нэIэм щIэт къулыкъущIапIэхэм ядэлэжьэныкIэ къудамэм и унафэщI Исуновэ Фаридэ, абы и лэжьэгъу Мерамовэ Радмилэ, езы купсэр щIэгъэкъуэн зыхуэхъу сабийхэр, абы щезыгъаджэхэр, нэгъуэщIхэри.

Купсэм щыщ егъэджакIуэхэмрэ сабийхэмрэ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я хьэщIэщпщIантIэхэр къызэрагъэпэщащ. Ахэр, дэтхэнэри, дахащэт, лъэпкъхэм я щэнхабзэр, я тхыдэр, я шхыныгъуэхэр къаIуатэт.

Къинэмыщlауэ, махуэщIыр ягъэщIэрэщIащ купсэм къеблэгъа сабий творческэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм. Ахэр, жыIэпхъэщи, ди хэгъуэгум и район псоми, къалащхьэми къабгъэдэкIащ. Апхуэдэщ «Кавказ», «Абаза», «Алтынай», «Хаят» сабий ансамблхэр.

Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я къафэхэр утыкум къыщащIын ипэ, дауэдапщэр езыгъэкIуэкIхэм къэрэшейхэм, урысхэм, адыгэхэм, абазэхэм, нэгъуейхэм ятеухуа, абыхэм ущызыгъэгъуазэ псалъэ дахэхэр жаIэурэ къекIуэкIащ.

Фестивалым и къалэн нэхъыщхьэу щытар Урысейм, ди Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я зэкъуэтыныгъэр псом нэхърэ зэрынэхъыщхьэр сабийхэм янэхьэсынращ.

— Япэм ди купсэм «Надежда» фIэщыгъэцIэр зэрихьэу щытащ. Иджы гугъапIэ дахэ къозыт цIэр зыдохьэ. Ауэ ди къалэнхэм зыкIи захъуэжакъым, абыхэм къахэхъуащ жумыIэмэ. АтIэ, иджы «Семейный многофункциональный центр», «Кризисное отделение для женщин» къудамэщIэхэр къызэдгъэпэщащ.

«Авангард»

Хэкупсагъэм щыхуагъасэ

Черкесск къалэм щыIэ, щIалэгъуалэр зауэхэкупсэ гъэсэныгъэм хуэунэтIынымкIэ «АВАНГАРД» купсэм е, дэ зэрыжытIэ хабзэщи, Пост №1-м, игъэлъэпIащ ар къызэрызэрагъэпэщрэ ЛIыхъужьхэм я Аллеем щыблэ МафIэ мыужьыхым деж щагъэува Фэеплъ плъырыр зэрызэхашэрэ илъэс 45-рэ зэрырикъур.

«Черкесск щекIуэкIащ юбилей махуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэ. Илъэс 45-м къриубыдэу Пост №1-р щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ купсэ нэс хъуащ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ къэлъыхъуэныгъэ, хэкупсагъэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIыныр, музей Iуэхухэр, зауэлIхэр зэрыув щIыкIэм хуэгъэзэнымрэ Хэкум и хъумакIуэу хэкIуэдахэм я Фэеплъ МафIэ мыужьыхым деж щрахьэкI Фэеплъ Вахтэмрэ — а псори зэхэту купсэм и лэжьыгъэшхуэщ. Абдеж щIалэ цIыкIухэм я къэралым и тхыдэм теухуа щIэныгъэ щрагъэгъуэт, Хэкур зыхъумэну хьэзыр хэкупсэ нэсу щытыным щыхурагъасэ.

ФIыщIэ псалъэ щхьэхуэ яхудогъэфащэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу купсэм еблагъэу щытахэм, ар къызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм ящыщхэу Лысенко Иван, Ливандовский Сергей, Панферов Александр, Кубанов Сэхьит, Урусов Алексей сымэ. Псом хуэмыдэу фIыщIэ худощI Псху Зое. Абы и гъащIэр триухуащ хэкупсэ лэжьыгъэм, илъэс куэдкIэ «ЛIыхъужьыгъэ» къэлъыхъуакIуэ гупым и унафэщIу щытащ.

ЛъэихъуакIуэхэм я фIыгъэкIэ, Ищхъэрэ Кавказым и къуршхэм Хэкум щхьэкIэ щыхэкIуэда зауэлIхэм я цIэхэр хэIущIыIу хъуащ икIи зауэлIлIыхъужьхэм я псэхэм щалъхуа щIыналъэр щагъуэтыжащ.

Эркенов Ибрэхьим зи унафэщI купсэм къыщIагъэкIахэм нобэ щIыхь пылъу я къалэнхэр щахь СВО-м, Урысейм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и Министерствэм и дзэ еджапIэхэм щоджэ, Хэкум и хъумакIуэхэм я хабзэ дахэм пащэу, лIыгъэрэ быдагъэрэ яхэлъу, тхьэрыIуэм хуэпэжу.

ФIыщIэ яхузощI зи лэжьыгъэр ди республикэмрэ къэралымрэ я къэкIуэнум хуэгъэза Iуэхущlапlэм пыщIа псоми. ЩIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным теухуа Iуэху дахэм адэкIи ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрывгъыхьэну сывохъуэхъу!», — социальнэ хъыхэм щитхащ ди хэгъуэгум и лIыщхьэм.

Зыгъэхьэзырар
ДЗЭМЫХЬ Маринэщ

2026 ГОД ЕДИНСТВА НАРОДОВ РОССИИ

ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр

Осетин лъэпкъыр

Коста Хетагуровэ жылагъуэм махуэщI гуапэ къыщаIэтащ тхьэмахуэ кIуам. Щэнхабзэм ехьэлIа Iуэху щхьэпэр зипкъ къикIар ди республикэм щыпсэу осетинхэращ. Нэхъ тегъэчынауэ жыпIэмэ, ар ирагъэкIуэкIащ а лъэпкъым къыхэкIа усакIуэ, узэщIакIуэ икIи сурэтыщI ХЕТАГУРОВ Коста Леван и къуэр къыщалъхуа махуэр гъэлъэпIэным и щIыхькIэ.

Хетагуров Коста и лъэпкъ щIэиныр

Зэхыхьэм щыIащ ди хэгъуэгум лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и министр Есенеев Мурат, абы и къуэдзэхэр, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэу Аслъэнхэ Алий, Ганшин Алексей, Черкесск къалэ Думэм и депутат Дзугаев Альберт, Къэрэшей районым и Iэтащхьэ Караев Щэмил, Коста Хетагуров жылагъуэм и Iэтащхьэ Каргинов Арсен, осетинхэм я «Фарн» жылагъуэ организацэм и унафэщI Хетагуров Олег сымэ. Хьэщlэ лъапIэу къеблэгъащ Ищхъэрэ, Ипщэ Осетиехэм, Ставрополь, Псыхуабэ (Пятигорск), Нартсанэ (Кисловодск) къалэхэм щыщ осетинхэр.

Дауэдапщэр екIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и дэIэпыкъуныгъэкIэ икIи Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсымрэ Хетагуров Коста къыщалъхуа махуэмрэ епхауэ. Псалъэ зрату а махуэм Коста зи гугъу зыщIахэм къыхагъэщащ усакIуэшхуэм и творчествэр осетинхэм я мызакъуэу, Кавказым и дэтхэнэ лъэпкъми езым и хъугъуэфIыгъуэу къызэрилъытэр.

Абы ищIыIужу Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм ягъэхьэзыра щэнхабзэ программэм и фIыгъэкIэ къызэхуэсахэм загъэнщIащ усакIуэм и Iэдакъэщ1экI нэхъыфIхэм сабийхэр къызэреджэмкIэ, ди республикэм и артистхэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къабгъэдэкIахэм я макъамэ, художественнэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ.

Есенеев Мурат осетинхэм я махуэщIыр къызэIуихащ Хетагуров Коста и фэеплъ нэхур зыгъэщыпкъэ Iуэхугъуэм хэтхэм яхуэгъэзауэ Темрезов Рэшид къригъэхьа хъуэхъу тхылъымкIэ: *«Осетин усакIуэшхуэ, узэщIакIуэ, сурэтыщI Хетагуров Коста и фэеплъым пщIэшхуэ хуэтщIыну дызэхуэсащ. Абы и цIэр ди республикэм ису хъуам я дежкIэ литературэм и тхыдэм и напэкIуэцI къудейкъым, ар — гушхуэныгъэм, щIыхьым, дызыщалъхуа щIыналъэмрэ пэжымрэ яхуэтщI лъагъуныгъэ гъунапкъэншэм и дамыгъэщ.*

Мы зэхыхьэм мыхьэнэ хэха егъуэт Урысейм и Президент Путин Владимир ди къэралым и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсымрэ зэкъуэшым хуэдэу ди хэгъуэгум щызэдэпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэ, щэнхабзэ щIэиным и Илъэсымрэ япкъ иту къызэретхьэжьам. А къэрал проектышхуитIыр къыгуэхыпIэ имыIэу зэпхащ. Дэ ди фIэщ мэхъу: ди Хэкум и зэкъуэтыныгъэр зытещIыкIи, а псори, шэчыншэу, ди къуэш лъэпкъхэм нэхъ гъунэгъуу дапызыщIэ лъэмыжщ.

Нобэрей махуэм хуэгъэпсауэ лъахэхутэ тхылъ дунейм къызэрытехьам мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы дыкъыхуреджэ Коста и тхыдэ фэеплъыр мылъкуу зетхьэну, ар щIэблэхэм яIэрыдгъэхьэжыну, ди щIыналъэм и блэкIа уасэншэр яхъумэфын хуэдэу».

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм зи гугъу ищIа тхылъыр, «Наследие Коста Хетагурова и его людей» зи фIэщыгъэцIэр, иджы дыдэ къыдагъэкIащ КъЧР-м лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и Министерствэмрэ республикэм и тхылъ тедзапIэмрэ я дэIэпыкъуныгъэкIэ. Абы тхыгъэу ихуар зэхуэхьэсыным елэжьащ Коста Хетагуровэ курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ щезыгъаджэ Вороновэ Галинэрэ КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Чеховэ Зарифэрэ.

Тхылъым и Iыхьихым къыщыгъэлъэгъуащ осетин жылагъуэм япэу дэтIысхьахэм я деж къыщегъэжьауэ иджы дэсхэм я деж щиухыжу, абы щыщу егъэджэныгъэмкIэ, спортымкIэ, медицинэмрэ щэнхабзэмрэкIэ ехъулIэныгъэшхуэр зыIэрызыгъыхьахэр, Хетагуров Коста и гъащIэмрэ и творчествэмрэ, Хэкум и хъумакIуэхэм зэрахьа лIыгъэр.

— Дэтхэнэ си лъэпкъэгъуми феупщIи, зы цIыкIуи мыIэнкуну: «Осетинхэм япэ итыр Хетагуров Костащ» къывжиIэнущ. Нобэ къытхуеблэгъа ди къуэшхэр, шыпхъухэр, гъунэгъу лъэпкъхэм къахэкIа ди ныбжьэгъухэр къыщIыIэзэхуэсар, Коста и щIэиным щыгуфIыкIын, «Фарн» жылагъуэ зэгухьэныгъэм зыкъыщIагъэкъуэн папщIэщи, псоми фIыщIэ фхудощI, дыфхуэарэзыщ, — къыхигъэщащ къыщыпсалъэм КъЧР-м щыпсэу осетинхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъымрэ хъумэнымкIэ «Фарн» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Хетагуров Олег.

Хъыбарегъащlэ IэнатIэхэм зайгъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам, Iэщlагъэ лъагэм, я Iэпщlэлъапщlагъэ иным, я лэжьыгъэ хьэлэлымрэ купщIафIэмрэ, осетин лъэпкъым и щэнхабзэ щIэиным сыт щыгъуи гулъытэ нэс зэрыхуащIым папщIэ, «Фарн» организацэм къыбгъэдэкIыу. ФIыщIэ тхылъхэр ираташ министр Есенеев Мурат, абы и япэ къуэдзэхэу Эдиев Тауланрэ Къуршэ Фаинэрэ, тхылъ тедзапIэм и унафэщI Даутовэ Аланэрэ абы и лэжьэгъухэмрэ.

Пэж дыдэу, усакIуэшхуэ Хетагуровым и фэеплъу ирагъэкIуэкIа дауэдапщэр гукъинэж гуапэ защIэщ къигъэнэфыну щытар. Ищхьэкlэ фызыщыгъэгъуэзауэ хъуам къанэмыщIауэ, Iуэхур здекIуэкIыр курыт еджапIэм и щIыбагърати, абдеж къыщрагъэувэкIат лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэ бейхэм нэIуасэ уахуэзыщI хьэпшып лъапIэхэр, щыгъынхэр. ИIэт мэлыл здагъавэ, осетин дэлэнхэр здагъажьэ, Iэпщэкlэ щIалэ цIыкIухэр здызэпекъу, бзэн-дэнымкIэ пщащэхэр здызэпеуэ плIанэпэ щхьэхуэхэр.

Нар осетин бгылъэ къуажэр зи пIэщхьагъ Хетагуров Коста къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 167-рэ ирикъуащ. Абы и адэ Леван урысыдзэм и офицеру щыткIэрэ, щIы бэвылъэхэр къэзылъхьхуэ унагъуи 149-рэ 1870 гъэм Ищхъэрэ Осетием икIыу Псыжь областым игъэIэпхъуауэ щытащ.

И ныбжьыр илъэситIым итт и анэ Марие дунейм щехыжам. Ар пасэ дыдэу зэрыфIэкIуэдар и сабиигъуэмрэ и балигъыгъуэмрэ пIэуэ къыхэнащ. Зыгъэфlэн зэримыIэр, дауи, осетин усакIуэм и творчествэм зэран хуэмыхъуакIэ къэнакъым. Аращ Коста «Зеиншэхэм я анэ» и тхыгъэр апхуэдизу гур къиуIэу щIыщытри...

АБЫКЪУ Къамырзэ

Къэрэшей лъэпкъым и фэеплъ махуэм

Псапэу ищIар кIуэдынукъым

Куэш-Хьэблэ къуажэм дэс, тылым и лэжьакIуэ МАМЫЖЬ Сэхьид Ехья и къуэм Iуэхуфlу зэфIихам и хъыбар кIапэ зэхэзыхьа адыгэ ди хэгъуэгум исыну жысIэкъым. Адыгэ щыгъэтыжа, аддэ къуажэ колхозым щылэжьа лъэхъэнэ лъандэрэ нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIауэ иIа ныбжьэгъуэхэри, дауи, мащIэнукъым.

Си анэш къуажэм щыщ мы дадэм и ныбжьыр илъэс 96-рэ зэрырикъуар игъэлъэпIащ гъатхэпэм и 30-м. ТIэкIу сыбгъэдэсын, и гукъэкIыж уасэншэхэмкIэ зыдэзгъэгуэшэн си гугъэу лъагъунлъагъу зымахуэ сыхуэкIуати, къыжезгъэIэжахэм щыщу зы къыхэзгъэщыну сыхуейт, щIэщыгъуэ нэхъ сщыхъуауэ: ар интернационалист нэсу, лъэпкъ куэдым ифI яригъэкIыу зэрыщытараш.

Адыгэм хуимыщIэн щымыIэу къэгъуэгурыкIуа Сэхьид игъэныбжьэгъуфIащ къэрэшейхэри, абазэхэри, урысхэри, нэгъуэщIхэри. И жагъуэ дыдэ мэхъу гукъабзэкIэ къыбгъурыта щIалэ дэгъуэ куэд дунейм зэрехыжар.

Нобэр къыздэсым тщыгъупщэжкъым ар 1957 гъэм зи щIыналъэ къэзыгъэзэжа къэрэшей лъэпкъым щыщ унагъуэхэм, «Путь Ильича» колхозым и къарур къигъэщхьэпэкIэрэ, и псэм и джэ макъым ирихужьэу, ерыскъыхэкIхэмкIи ухуэныгъэ пкъыгъуэхэмкIи зэрадэIэпыкъуар.

Къэрэшейхэр къыщагъэзэжам зрагъэтIысхьа щIыгухэр бгъэлэжьэным гуащIэ ин зэрытекIуэдэнур, а псори узэкъуэувэмэ нэхъ тыншу зэрыкIуэтэнур Мамыжьым къыгурыIуэти, таучэл ищIащ бэлыхьлажьэ хагъэта, гъащIэщIэ зыухуэну къызыхудэхуа лъэпкъым хузэфIэкIымкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуну.

Абы и дежкIэ псом нэхъ рэ нэхъ лъапIэр зэман гугъум зыдэIэпыкъуфахэм къыхуагъэна гукъэкIыжхэмрэ къыхуагъэза псалъэ гуапэхэмрэщ. Дадэр ирогушхуэ и цIыхухъу къалэныр нэгъэсауэ зэригъэзэщIэфам, Ильич къутырым щылэжьа илъэсхэм.

— Курыт Азием егъэзыгъэкIэ ирахуауэ щыта къэрэшей лъэпкъыр, зауэм зэрыхэтам къинэмыщIауэ, щIымахуэ уаемрэ гъаблэмрэ ирагъэукIащ я лъахэр щрагъэбгынэм. Абыхэм къызэрагъэзэжынум и унафэр къэралым тетхэм къызэращтар щызэхэсхым сыгуфIащ икIи къыщысыжынур ккыскунэмыгъэсыжу сыщысащ. Сэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм сыпэрытт, ауэ нэхъыбэу зыхэсщIыкIри си гур нэхъ зыхуеIэри мэкъумэш лъэныкъуэрати, комсомол путёвкэкIэ Ильич къутырым дэта пщыIэм унафэщIу сагъэкIуауэ щытащ. Апщыгъуэм абы ПрирезкэкIэ еджэт.

Унафэщlу сыщагъэувар техуат зэхэзехуэн ящIа лъэпкъым къигъэзэжын щыщIидза илъэсым. Сытми, сыздэкIуа къутырым къэрэшей унагъуэхэр къыдагъэтIысхьэу щыслъагъум, хуэм-хуэмурэ садэIэпыкъун щIэздзащ псэупIэ щащIкIи, хадэ щалэжькIи, нэгъуэщI Iуэхухэмкlи. Ипэхуным унэу яухуэр чыл лъахъшэ цIыкIухэм хуэдэт. ЯIэтэкъым ахэр къызэрагъэплъын хьэкуи, къызэрагъэнэхун уэздыгъи, — Сэхьид и блэкIа жыжьэм къыщытепсэлъыхьым, жиIэжу хъуар гукIэ зэрызыхищIапэр апхуэдизу нэрылъагъути, а махуэ хьэлъэхэм игъэзэжа фIэкIа пщIэнтэкъым.

Зы пщэдджыжь гуэрым къэрэшей нанэ и бжэщхьэIум къытохьэри къолъэIу и унэм электрокъару хущIишэну. Сэхьид зи лъэкIыныгъэхэм гъуни нэзи зимыIэ унафэщIу хахатэкъым, ауэ, абы емылъытауэ, гузавэу къыхуэкIуа фызым и лъэIур къыфIэмыIуэхуу зигъэлъагъуэныр дахэтэкъыми, электрокъару къэтыныр зи пщэ илъ Зеленчук ГЭС-м зыхуигъазэри Iуэхур и пIэм иригъэкIащ, куэд дэмыкIыуи, къэрэшей нанэм и унэм нэхур къыщIэпсащ.

Аргуэру лъэIуакIуэхэр и бжэIупэм къыIуохьэ. Мызыгъуэгум ильичдэсхэр ирогумэщI я сабийхэр щIыпIэ пхыдзахэм щыIэ еджапIэхэм кIуэуэрэ зэрыщеджэм. Социалистическэ ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь Аргун

К ДНЮ ВОЗРОЖДЕНИЯ КАРАЧАЕВСКОГО НАРОДА
АДМИНИСТРАЦИЯ СТОРОЖЕВСКОГО СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ
ВЫРАЖАЕТ БЛАГОДАРНОСТЬ
Мамижеву Сагиду Яхьяевичу
за помощь, оказанную в 1957 г. жителям а. Ильич при возвращении карачаевцев на историческую Родину
Глава Администрации Сторожевского сельского поселения С.Д. Чотчаев

ПIатIэ, Тхьэр арэзы къыхухъу, цIыхухэр апхуэдэ гугъуехь зэрыхэтыр щызэхихым яхуригъэщIауэ щытащ еджапIэщIи, медпункти, автобус къэувыIэпIи. А псори щIын зэрыхуейм и хъыбарыр и деж игъуэу нэзыгъэсыжар, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зи нэIэ щIэтар, къэрэшейхэм сыт щыгъуи япыщIауэ щытар Мамыжь Сэхьидщ.

2023 гъэм накъыгъэм и 23-м Сторожевой станицэм и Iэтащхьэу щыта Чотчаев Сосланрэ абы и лэжьэгъухэмрэ щыхьэщIащ куэшхьэблэдэс нэхъыжьыфIым и деж. Ахэр къыхуеблэгъащ лIыщIыгъуэ кIуам и тхущI гъэхэм зи щIыналъэ къэзыгъэзэжа къэрэшей-Ильич къуажэ цIыкIум цетIысэхам щегъэжьауэ и псэ емыблэжу псапащIэ Iуэхухэм зэрыхэтам щхьэкIэ ФIыщIэ тхылъ къыхуагъэфэщэн папщIэ.

Мамыжь Сэхьид къыхуащIа гулъытэ гуапэм къегъэлъагъуэ Къэрэшей-Черкесым и уафэ лъащIэм щIэт лъэпкъхэр зэрызыр — ахэр ноби хуэдэу, япэми зэкъуэту зэрыпсэуар, я гукъеуи я гуфIэгъуи зэдагуэшу.

ЛЫХЬ Тимур

Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Махуэм

«Перекрёсток цивилизаций»

Киногъуазджэм зэрешалIэ

Жэпуэгъуэм и 22-25 махуэхэм къриубыдэу Къэрэшей-Черкесым «Перекрёсток цивилизаций» II Лъэпкъзэпх кинофестивалыр щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэ, щэнхабзэ щIэинхэм я Илъэсу мы гъэр зэрыщытым ипкъ иту.

Дауэдапщэр къызэрагъэпэщащ «Центр реализации социальных проектов «Атмосфера»» АНО-мрэ УФ-м, КъЧР-м щэнхабзэмкIэ я Министерствэхэмрэ. Апхуэдэу, творчествэ и лъэныкъуэкIэ Урысейм, хамэ къэралхэм щыщ кинематографистхэр щIэныгъэкIэ зэхъуэжынымкIэ утыку яхуэхъуащ ди республикэр.

«Фестивалыр икъукIэ гъэщIэгъуэн ящыхъуащ куэдым: абы хэтын папщIэ Урысейм и хэгъуэгу 55-м лъэIу тхылъу 500-м нэблагъэ къагъэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэ, щэнхабзэ щIэинхэм я Илъэсу мы гъэр зэрыщытым ипкъ иту.

Дауэдапщэр къызэрагъэпэщащ «Центр реализации социальных проектов «Атмосфера»» АНО-мрэ УФ-м, КъЧР-м щэнхабзэмкIэ я Министерствэхэмрэ. Апхуэдэу, творчествэ и лъэныкъуэкIэ Урысейм, хамэ къэралхэм щыщ кинематографистхэр щIэныгъэкIэ зэхъуэжынымкIэ утыку яхуэхъуащ ди республикэр.

«Фестивалыр икъукIэ гъэщIэгъуэн ящыхъуащ куэдым: абы хэтын папщIэ Урысейм и хэгъуэгу 55-м лъэIу тхылъу 500-м нэблагъэ къагъэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэ, щэнхабзэ щIэинхэм я Илъэсу мы гъэр зэрыщытым ипкъ иту.

зэкъуэтыныгъэращ

«Баталпашинские чтения - 2026» Урыс лъэпкъ

Мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм я утыку

«Баталпашинские чтения - 2026» Урысейпсо щIэныгъэ-практическэ конференцыр Черкесск къалэм жэпуэгъуэм и 23-24-м щекIуэкIащ.

Дауэдапщэр мы гъэм Iуэхугъуищым траухуащ — Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым, Къэрэшей-Черкес Республикэм ис лъэпкъхэм я псэкупсэ щэнхабзэ щIэиным и Илъэсым, Псыхуабэ, Черкесск епархием и илъэс 15-р гъэлъэпIэным.

ЩIэныгъэ-практическэ конференцыр хэIэтыкIауэ къыщызэIуахащ республикэм и къэрал филармонием. Абы къекIуэлIащ щIэныгъэлIхэр, власть къулыкъухэм, жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, дин Iуэхузехьэхэр, республикэм ику ит, ищхьэ еджапIэхэм я студентхэр.

КъЧР-м и лIыщхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкIа фIэхъус псалъэмкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ республикэм и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Пиваваровэ Надеждэ.

«ЩIыхубэ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным, тхыдэ фэеплъыр хъумэным, лъэпкъыбэ, къэралыбэ зэпсэлъэныгъэм зегъэужьыным щIэныгъэ гупсысэ куу хуэныкъуэщ. Зы илъэскъым зэрыхъуар Баталпашинскэ еджэныгъэхэр а Iуэхугъуэхэм здрипсалъэ, мыхьэнэ зиIэ утыку зэрыхъурэ. Мы гъэм ар Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм, КъЧР-м щыпсэухэм я псэкупсэ, щэнхабзэ щIэиным я Илъэсым, Псыхуабэ, Черкесск епархиер къызэрагъэщIрэ илъэс 15 зэрырикъум теухуащ. Ди хэгъуэгум а Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ хуещI, сыту жыпIэмэ, тхыдэм къыхэщыж лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр зытещIыхьа лъапIэныгъэхэр — пщIэ зэхуэщIыныр, зэгъунэгъуфIыр, псоми я зэхуэдэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэм хуэпэжыныр — къызэрагъэлъагъуэм къыхэкIыу, — итт республикэм и лIыщхьэм къыбгъэдэкIа тхыгъэм.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и муфтий Эркенов хьэжы Мухьаммад къыщыпсалъэм хабзэмрэ динымрэ зэщхьэщыкIыныгъэ гуэрхэр щыIэми, дызыщыпсэу щIыналъэм худиIэ фIылъагъуныгъэм дызэрызэкъуигъэтыр жиIащ.

— Дуней мамырыр езыр-езыру къызэтенэж Iуэхукъым. Ар хуэныкъуэщ цIыху къэс я шыIэныгъэм, Iущыгъэм, пщIэ зэхуэщIыныгъэмрэ жэуаплыгъэмрэ, — къыхигъэщащ абы.

КъЧР-м лъэпкъ Iуэхухэмкlэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и министр Есенеев Мурат къыбгъэдэкIыу къэпсэлъащ абы и къуэдзэ Гузко Сергей. Баталпашинскэ еджэныгъэхэр къэралым, хэгъуэгум къыщыхъу, мыхьэнэ зиIэ къэхъукъащIэхэм зэрытраухуэ хабзэр жиIащ. Абы гу лъаригъэтащ илъэс къэс а Iуэхугъуэм и къэухьыр нэхъ ин зэрыхъур, цIыху нэхъыбэ къызэрызэщIикъуэр, еблэмэ хамэ къэрал гъунэгъухэри къызэрыхыхьэр. Апхуэдэ къабзэу, захъуэж абы къыщаIэт упщIэхэр зытеухуахэми.

— Мы гъэм егъэджэныгъэхэм къыщаIэт Iуэхухэм я нэхъыщхьэщ Кавказым и геополитикэ мыхьэнэр. Урысейпсо конференцыр щIэныгъэ-практическэ щытыкIэм иту къызэрызэрагъэпэщам шэч къытрыуигъыхьэкъым форумым нэхъыщхьэу щагъэбелджылы лъапIагъэхэр къэрал лъэпкъ, щэнхабзэ политикэр щагъэзащIэкIэ ахэр къыхалъытэну зэрыщытыр, — жиIащ Гузко Сергей.

Мы конференцым и гупсысэ нэхъыщхьэр — Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэиныр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэкIэ хэгъуэгузэпх зэдэлэжьэныгъэр егъэфIэкIуэнрат.

Пленар зэIущIэмрэ тематикэ секцэхэмрэ доклад 60-м нэс къыщагъэлъэгъуащ.

Дауэдапщэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэиныр хъумэным, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэхэм, щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, лъэпкъ зэпсэлъэныгъэм и щэнхабзэм зегъэужьыным яхьэлIа Iуэхухэм. Кавказым ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемрэ теухуа докладхэр утыку кърахьащ.

ЗэIущIэ щхьэхуэ теухуат члисэр, къэралыр, жылагъуэр зэрызэдэлажьэм. ЩIалэгъуалэ утыкум щытепсэлъыхьащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ират уасэм, иджырей Кавказым и бзэ щхьэхуэныгъэхэм, псоми я зэхуэдэ лъапIэныгъэхэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм хуэлажьэ туризмэм зегъэужьыным, нэгъуэщI куэдми.

Еджэныгъэхэм и зы Iыхьэт студентхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я зэпсэлъэныгъэ утыкур. Студентхэм Iэмал яIащ лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэхэм, къэралым и шынагъуэншагъэм ехьэлIа упщIэхэр ятыну.

Конференцым и лэжьыгъэм хэтащ Урысейм, хамэ къэрал гъунэгъухэмрэ жыжьэхэмрэ я щIэныгъэ, егъэджэныгъэ купсэхэм щыщ тхыдэджхэр, этнографхэр, филологхэр, психологхэр. Къинэмыщlауэ, Урысейм и къалэ зэхуэмыдэхэм щыщ щIэныгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, студентхэр абы къекIуэлIащ.

Зэхьэзэхуэм къыщыIуа докладхэр абы папщIэ къыдагъэкIыну щIэныгъэ тхылъым ихуэнущ.

ЗэIущIэм и етIуанэ махуэм щIэныгъэлIхэр зыплъыхьакIуэ яшащ Къэрэшей-Черкесым и щIыпIэ дахэхэр ирагъэлъагъуну. Абыхэм махуэфI къайхъулIащ. ХьэщIэхэм телъыджэ ящыхъуащ ди щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ ахэр здыдэкIа тхьэлъэIупIэхэмрэ.

Мы Iуэхугъуэр КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, Псыхуабэ епархием, «Русь» хэгъуэгу жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм, «Всемирный русский народный собор» къэралыбэ жылагъуэ организацэм, Алиев У. и цIэр зезыхьэ республикэ къэрал университетым къызэрагъэпэщащ. Къэралымкlэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къыщыIэтынымкIэ ар утыку хьэлэмэт хъуащ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Къафэм зэпещIэ

Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу мы гъэр зэрагъэувам ипкъ иту Рязань къалэжьыр щэнхабзэ дауэдапщэ зэмылIэужьыгъуэхэм я купсэ хъуащ.

Апхуэдэу Рязань область филармонием и утыкум япэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Къэрал филармонием къафэмкIэ и театрым.

Жэпуэгъуэм и 27-м «Мы — Россия» Федеральнэ программэм ипкъ иту ягъэзащIэ Урысейпсо гастрольно-концертнэ планым и фIыщIэкIэ Рязань щыпсэухэм зрагъэлъагъуфащ «В вихре танца» концерт программэ гъэщIэгъуэныр. АтIэ, ар къафэм и IэмалкIэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ къудейуэ щытакъым – ар хабзэжьхэмрэ псэлъапIэныгъэхэмрэ я дунейм ухэзышэ зекIуэу щытащ!

Программэр хореографие композицэ 13-кIэ зэхэгъэуват. Абы и фIыщIэкIэ концертым щIэсахэм я нэгу IупщIу къыщIэуващ Кавказым щыIэ къафэхэм я зэмыфэгъу гъэпсыкIэхэр: лъыр зыгъэпщтыр лезгинкэмрэ къамэхэр здагъэдэжэгу къафэмрэ щыщIэдзауэ лирикэ гъэпсыкIэрэ Iуэтэж зыхэт къафэхэмрэ щыщIэкIыжу. Номер къэс тхыдэр Iэпкълъэпкъкlэ къэзыIуэтэж Iэмал дахэ, Ищхъэрэ Кавказым, Къэрэшей-Черкесым я Iуэрыуатэ щIэиным ухэзышэ лъагъуэ хъуащ.

Мыпхуэдэ проектхэм Iупщl пщащI ди къэралым и щэнхабзэр зэрызэмылIэужьыгъуэр, ар зэрыкъулейр. Абы къыдэкIуэу лъэпкъхэр зыр зым пщIэ хуищIынымкIи, абыхэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнымкIи Iэмалыфl зэрыримыкъу щыIэкъым.

Рязань областым и Къэрал филармоние

Тхылъыщlэм и лъэтеувэ

Бзэ лъэмыж бзэрабзэ

Жэпуэгъуэм и 20-м Хьэбзэ къуажэм дэт, Хъупсырокъуэ Назир и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмкIэ Унэм и концерт пэшым «БЗЭ ЛЪЭМЫЖ БЗЭРАБЗЭ» зи фIэщыгъэцIэ, адыгэбзэкIэ тха, сабийхэм яхуэгъэза тхылъыщIэм и лъэтеувэр щызэфIагъэкIащ. Тхылъыр зи Iэдакъэщlэкlыр усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, КъЧР-м щIыхь зиIэ и экономист, ГуащIэдэкIым и ветеран, Урысей Федерацэм и тхакIуэхэм я Союзым хэт, бзылъхугъэхэм я Союзым и Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу къудамэм и ревизор Гъуэщокъуэ-Жумай Мадинэщ.

Экземпляр 200 хъууэ дунейм къытехьа «Бзэ лъэмыж бзэрабзэ» тхылъыр сабийхэращ зыхуэгъэзар. ИкIи ар «Мазэрыбжэ», «Махуэрыбжэ», «Iэпхъуамбэрыбжэ», «Плъыфэхэр», «Алфавит», «Къуажэхьхэр», «Кроссвордхэр», «Ребусхэр», «Нэщэнэхэр» жыхуиIэ Iыхьэхэмкlэ зэхэлъ усэ сборнику зэхэтщ. Тхылъыр ятегъэпсыхьащ еджапIэм щеджэ сабийхэмрэ еджапIэм щIыхьэну зыхуэзыгъэхьэзыр цIыкIухэмрэ. Усэ защIэу къетхэкIа тхылъым щибгъуэтэнущ псэущхьэхэм, къуалэбзухэм, къэкIыгъэхэм, псалъэжьхэм, псынщIэрыпсалъэхэм ятеухуахэр.

Тхылъым и къалэн нэхъыщхьэр — пэщIэдзэ классхэм щеджэ цIыкIухэм я бзэм зегъэужьынращ. Абы хьэлэмэту лъэкIынущ ижьижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэ гъуэзэджэхэм сабийхэр щыгъуазэ хуэщIынми. Тхылъым адыгэбзэм удрегъэхьэх, урипсэлъэну гукъы-

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ библиотекэ



дэж къыует.

Гу лъыбэдгъэтэну дыхуейт, тхылъым ихуа сурэтхэри икъукIэ зэрыгъэщIэгъуэнхэм: усэ цIыкIухэм я купщIэр къаIуатэ, адыгэм и гупсысэкIэм къитIасэу щытщ. Нэхъыщхьэращи, сабий цIыкIухэр зэуэ къыдахьэх, тхылъыр яфIэгъэщIэгъуэн нэхъри ящI. Тхылъым ихуа сурэт 300-р зи Iэдакъэщlэкlыр Жумай Анитэ Умар ипхъуращ.

ЖыIэпхъэщи, адыгэбзэкIэ усэ зытхыу щыIэр зырызыххэщ. Абы къыхэкIыу Мадинэ и тхылъыр лъэпкъымкIэ уасэншэщ, къызэрытлъытэмкIэ.

Къыхэгъэщыпхъэщи, мы тхылъыр авторым хуигъэфэщащ Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш хъызмэтым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Айбазов Рэмэзан Мыхьэмэт и къуэм. Апхуэдэ гулъытэр Мадинэ мы цIыхум хуищI пщIэм и щыхьэтщ. Абы и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэр, укъызыхэкIа лъэпкъым емылъытауэ, дэтхэнэ цIыхуми, псом хуэмыдэу щIэблэм, щапхъэ хуэхъуфынущ. Ар пэжым, лэжьыгъэ хьэлэлым я телъхьэу псэуащ. ИкIи, апхуэдэ псэукIэм и фIыщIэкIэ, а лIы нэсым пщIэрэ щIыхьрэ иIэу и гъащIэр игъэпсын лъэкIащ. Айбазов Рэмэзан цIыху щабэт, гуапэт, лъэпкъ зэхэгъэж зымыщIт. Абы дэтхэнэ цIыхури и къуэшу къилъытэт, езым и нэгу куэд щIэкIати. Апхуэдэу цIыхухэр фIыуэ зэрилъагъуу щытар щIэблэмкIэ щапхъэ зэрыримыкъу щыIэкъым. Аращи, мы тхылъым сабийхэр ди бзэм хуигъасэ къудейкъым, атIэ ахэр гъащIэм щынэхъыщхьэ лъапIэныгъэхэми гу лъарегъатэ…

Езы Гъуэщокъуэ-Жумай Мадинэ и гугъу тщIынщи, ар куэд щIауэ тхэным дихьэхащ икIи и Iэдакъэщlэкlыхэр гулъытэншэу къанэкъым. Апхуэдэу, абы щIыхь тхылъхэр увыпIэ лъагэхэр къыщилъэщауэ щытащ Жэнэ Къарэмыз и цIэр зезыхьэ литературэ тхыгъэхэмкIэ Лъэпкъзэпх зэхьэзэхуэм («Проза и поэзия», «Традиции» номинацэхэмкIэ). Къинэмыщlауэ, мы бзылъхугъэм къратауэ щытащ Булгаков Михаилрэ Есенин Сергейрэ я цIэхэр зезыхьэ медалхэри. Жылагъуэ Iуэхухэми жыджэру пэрыт Мадинэ къыхуагъэфэщащ бзылъхугъэм и хахуагъэм и дамыгъэр — Гризодубовэ Валентинэ и медалыр. Ар къыбгъэдэкIащ «Бзылъхугъэхэм я Союз» организацэм и хэгъуэгу къудамэм и пашэ Борлаковэ Маринэ. Мы нагъыщэр ят хабзэщ щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, наставничествэм зегъэужьыным, унагъуэ лъапIэныгъэхэр гъэбыдэным, ди къэралым и тхыдэ фэеплъыр хъумэным цIыхум хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ.

Къинэмыщlауэ, Мадинэ щIалитIым я анэщ, и гуфIэгъуэшхуэу ар плIэрэ нанэ хъуащ.

Тхылъым и лъэтеувэм траухуа дауэдапщэмкIэ дгъэзэжынщи, ар икъукIэ дахэу, хуабагъкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ. Абы къеблэгъащ цIыху 200-м нэхърэ нэхъыбэ хьэщIэхэр. Абыхэм яхэтащ Хьэбзэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Жу Тимур, абы и къуэдзэ Унэж Олег, Хьэбзэ къуажэм и администрацэм и Iэщlагъэрылажьэ Гъуэзджэщ Татьянэ, ди республикэм щылажьэ Жылагъуэ палатэм и пашэм и къуэдзэ Псэун Аслъэн, «Бзылъхугъэхэм я Союз»-м и хэгъуэгу къудамэм и пашэ Борлаковэ Маринэ, авторым и унагъуэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, нэгъуэщIхэри.

Дауэдапщэм ипкъ иту Мадинэ хуэгъэзауэ псалъэ гуапэ куэд щыIуащ а махуэм. Дэтхэнэми бзылъхугъэм фIыщIэ хуищIащ адыгэбзэр хъумэным, ар сабийхэм къарахьащ.

ЗэIущIэ щхьэхуэ теухуат члисэр, къэралыр, жылагъуэр зэрызэдэлажьэм. ЩIалэгъуалэ утыкум щытепсэлъыхьащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм ират уасэм, иджырей Кавказым и бзэ щхьэхуэныгъэхэм, псоми я зэхуэдэ лъапIэныгъэхэмрэ лъэпкъ хабзэхэмрэ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм хуэлажьэ туризмэм зегъэужьыным, нэгъуэщI куэдми.

Еджэныгъэхэм и зы Iыхьэт студентхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я зэпсэлъэныгъэ утыкур. Студентхэм Iэмал яIащ лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэхэм, къэралым и шынагъуэншагъэм ехьэлIа упщIэхэр ятыну.

Конференцым и лэжьыгъэм хэтащ Урысейм, хамэ къэрал гъунэгъухэмрэ жыжьэхэмрэ я щIэныгъэ, егъэджэныгъэ купсэхэм щыщ тхыдэджхэр, этнографхэр, филологхэр, психологхэр. Къинэмыщlауэ, Урысейм и къалэ зэхуэмыдэхэм щыщ щIэныгъэлIхэр, егъэджакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, студентхэр абы къекIуэлIащ.

Зэхьэзэхуэм къыщыIуа докладхэр абы папщIэ къыдагъэкIыну щIэныгъэ тхылъым ихуэнущ.

ЗэIущIэм и етIуанэ махуэм щIэныгъэлIхэр зыплъыхьакIуэ яшащ Къэрэшей-Черкесым и щIыпIэ дахэхэр ирагъэлъагъуну. Абыхэм махуэфI къайхъулIащ. ХьэщIэхэм телъыджэ ящыхъуащ ди щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ ахэр здыдэкIа тхьэлъэIупIэхэмрэ.

Мы Iуэхугъуэр КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, Псыхуабэ епархием, «Русь» хэгъуэгу жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм, «Всемирный русский народный собор» къэралыбэ жылагъуэ организацэм, Алиев У. и цIэр зезыхьэ республикэ къэрал университетым къызэрагъэпэщащ. Къэралымкlэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къыщыIэтынымкIэ ар утыку хьэлэмэт хъуащ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Пэжщ, си адэм зэи лъэпкъ зэхэгъэж ищIакъым икIи хэт и бзэми, и щэнхабзэми пщIэ яхуищIу псэуащ. Си фIэщ мэхъу, си адэр нобэ къытхэтамэ, ар ящыгуфIыкIынут зи анэдэлъхубзэр зыгъэбзэрабзэ ныбжьыщIэ цIыкIухэм.

Нобэ дгъэлъапIэ уи тхылъыр сабий щэ бжыгъэхэм я анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъунымкIэ и къежьапIэ ирехъу! Гъуэгу махуэкIэ! — къыхигъэщащ и къэпсэлъэныгъэм Борлаковэ Маринэ.

Дыкъытеувыlэнщ Жумай лъэпкъым къыбгъэдэкIыу псалъэ жызыIа Жумай Алий и къэпсэлъэныгъэм.

— Фи пащхьэ Мадинэ сыкъыщытхъунукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар Жумайхэ дипхъущ, сэ лъэпкъым сринэхъыжьщи, къезгъэкIукъым ди хабзэкIэ.

Ауэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ мы пшыхь дахэр, гугъэпсэхур къызэзыгъэпэща, абы хэта, къекIуэлIа дэтхэнэми.

Щхьэхуэу зыхуэзгъэзэну сыхуейщ Борлаковэ Маринэ. Ди Мадинэ и тхылъыр къыдэкIынымкIэ абы хуабжьу зыкъыщIигъэкъуащи, къызэрыслъытэмкIэ, апхуэдэ гупыкI зылъэкIыр гу къабзэ зиIэ цIыхуращ. ЦIыхум и дуней еплъыкIэм пыщIауэ хэлъ хъугъуэфIыгъуэ псори адэ-анэм къыхалъхьауэ, абыхэм ядэплъейуэрэ зыхипщауэ солъытэ.

Тхьэгъэпсэу яжызоIэ узыпIахэм!

Куэдым ягъэщIагъуэ: «Къэрэшейр адыгэм дэIэпыкъуащ» жари. Ауэ ар гъэщIэгъуэнкъым сэркIэ. Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэр сыт щыгъуи зы унагъуэу зэдэпсэуащ. Мы гъэр лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсу ягъэуващ. Ауэ ар апхуэдэу къытхуамыгъэувами, дэ псори аращ дызэрызэхэтыр — зэгъунэгъуфIу, зэныбжьэгъуфу зыкъэтлъытэжу! — жиIащ Жумай Алий.

Псалъэ гуапэхэм нэужь, къеблэгъахэм, пшыхьыр зыгъэдэхахэм Мадинэ захуигъэзащ:

— СызэрыцIыкIурэ усэ стхыт, ауэ, укIытэм къыхэкIыу, ахэр зыми езгъэлъагъутэкъым. Ауэ Борлаковэ Маринэ къэсцIыхуа нэужь, си зэфIэкIхэм, си тхыгъэхэм сригушхуэ хъуащ. Маринэщ дунейм къытезыгъэхьауэ щытар «Iэдииху и дыгъэ бзий» си япэ усэ сборникыр. Абы лъандэрэ сытегушхуауэ сотхэ. ФIыщIэ пхузощI, Маринэ!

Тхьэм фигъэпсэу нобэ мы пшыхьым къекIуэлIэн хуейуэ къэзылъыта дэтхэнэри! — жиIащ усакIуэм.

Жыlэпхъэщи, пшыхьым ипкъ иту Борлаковэ Маринэ анэдэлъхубзэр хъумэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ фIыщIэ, щIыхь тхылъ бжыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэхэм ящыщщи газетым къыбгъэдэкIа фIыщIэ тхылъри.

Пшыхьым Мадинэ и усэхэри сценэм щыIуащ. Абыхэм къеджащ Хьэбзэ дэт «Нур» сабий Iыгъыпlэм и гъэсэн цIыкIухэр, лицеймрэ курыт еджапIэмрэ щеджэ ныбжьыщIэхэр. Пшыхьыр хуабжьу игъэдэхащ «Синд» цIыхубэ ансамблым игъэзэщIа къафэм.

Дауэдапщэм и кIэм тхылъым и лъэтеувэм хэта ныбжьыщIэ псоми Мадинэ и тхылъыр тыгъэ яхуищIащ.

Гъуэщокъуэ-Жумай Мадинэ дохъуэхъу и ехъулIэныгъэхэмкIэ икIи дяпэкIи лъэпкъгъэдахэу и Iэдакъэ къыщIэкI тхыгъэхэр нэхъри бэгъуэну Тхьэм жиIэ!

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

Щэнхабзэ

Литературэр фIыуэ щыплъагъукIэ

ПсэукIэ-Дахэ къуажэм дэт курыт еджапIэм Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн щрагъэкIуэкIащ – «Герои со страниц любимых книг» зи фIэщыгъэцIэ фотозэпеуэр зэхашащ. Дауэдапщэр ирагъэхъулIащ библиотекэхэм я Дунейпсо Махуэм.

Апхуэдэу, зэпеуэм къыхыхьа ныбжьыщIэхэр урыс классикхэм я литературэ лIыхъужь цIэрыIуэхэм я образхэм ихьащ: тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа образым и теплъэм хуэдэу захуэпащ, уеблэмэ и хьэл-щэнри къагъэлъэгъуэфауэ къыпщохъу. ЕджакIуэхэм IупщI тщащIа лIыхъужьхэм ящыщщ: Онегин Евгений, Ларинэ Татьянэ, «Барышня-крестьянка» повестым хэт образхэр, Герасимрэ Мумурэ, «Война и мир» романым щыщ образхэр.

ЖыIэпхъэщи, ныбжьыщIэхэм хуабжьу гъэщIэгъуэн ящыхъуащ «Герой нашего времени» романыр, атIэ абы хэт Бэлэ и образыр сабийхэм нэхъыбэрэ къыхахахэм ящыщщ.

Сурэтхэр хуабжьу дахэ дыдэ хъуащ, абыхэм творческэ бгъэдыхьэкIэкIэ зэрекIуэлIам зэуэ гу лъыботэ. Сабийхэм лIыхъужьхэм я теплъэр ещхьу къызэрагъэщIам къинэмыщIауэ, ахэр щыпсэуа лъэхъэнэм и Iэужь гуэри къыдэнахьэсыфащ.

«Мыпхуэдэ дауэдапщэхэм Iэмал къыуат нэгъуэщI нэкIэ курыт еджапIэм и программэм сабийхэри дэри дыхэплъэну, ныбжьыщIэхэр еджэным хуагъэуш, классикэр япэу сабийхэм щызэрагъащIэкIэ, ар гукъинэж щащI», — жиIащ еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Абдокъуэ Марианнэ.

Зыгъэхьэзырар
ЧЫРБЫЖ Иринэщ

Къэзакъхэр

Я щэнхабзэм нэIуасэ хуащI

«Плъырыпlэ застав»: къэзакъхэм я псэукIэмрэ я хабзэхэмрэ уафэ лъащIэм щIэту» проектыр гъэзэщIэныр еуэ-еуэкIэ йокIуэкI!

КъЧР-м щэнхабзэмкIэ и Министерствэм деж щыIэ щIалэгъуалэ Советым хэтхэм Уарп жылагъуэм дэт курыт еджапIэм щIэс цIыкIухэм папщIэ нэгузыужь дауэдапщэ гъэщIэгъуэн хурагъэкIуэкIащ.

ЕджакIуэхэр щагъэгъуэзащ къэзакъхэм я псэукIэмрэ я хабзэхэмрэ: заставэр зэрызэтраухуам, къэзакъхэм махуэ къэс къадекIуэкIыу щыта хьэпшыпхэр зыхуэдэм, абыхэм я унагъуэхэм щызэфIэува щыIэкIэ-псэукIэхэм. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр — а псори зэхахын дэнэ къэна, IэкIэ еIусэну лъэкIыныгъэ яIащ ныбжьыщIэхэм: пасэрей псэукIэ хьэпшыпхэр яIыгъащ, къэзакъ щыгъыным и пкъыгъуэхэр къапщытащ, гукъыдэжыр къэзыIэт къэзакъ джэгукIэхэр къащIащ.

Жыджэру, интерактив щIыпхъэм иту гъэпса нэгузыужь дауэдапщэхэр, псом хуэмыдэу, сабийхэм къыщыхузэрагъэпэщкIэ, ягу къимыхьэхуу къанэкъым. ЩIэныгъэхэр гукъинэж къудейкъым — ахэр еджакIуэхэм я зыхэщIэныгъэхэмрэ гурыщIэхэмрэ кIуэцIрокI, гурэ псэкIэ гъэщIэгъуэн ящыхъуу, яджым теухуа гупсысэ дахэхэр къахуигъэушу. Апхуэдэу щыхъукIэ, проектым и къалэн нэхъыщхьэри егъэзащIэ: хабзэхэр нэхъ гъунэгъу, нэхъ гурыIуэгъуэ ещI.

Проектыр ягъэзащIэ цIыхухэм социальнэ хьэрычэтхэр ядэщтэнымрэ дэтхэнэ зыми дэIэпыкъуныгъэ лъыгъэсынымрэ хуэлажьэ «ВТБ-Страна» псапащIэ Фондым и мылъкукIэ.

Зыгъэхьэзырар
ЛЫХЬ Тимурщ

Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым «Сергиевские чтения»

Черкесск къалэм дэт № 11 егъэджэныгъэ Купсэм Х Сергиевскэ сабий еджэныгъэхэм щытекIуахэр щагъэлъэпIащ. А творческэ-егъэджэныгъэ проектым и юбилейр траухуащ УФ-м и Президент Путин Владимир игъэбелджыла Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым.

Зэкъуэтыныгъэр нэхъыщхьэщ

Сергиевскэ егъэджэныгъэхэр ди республикэм илъэсипщI хъуауэ щокIуэкI, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, «Русь» хэгъуэгу жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм, республикэм и Жылагъуэ палатэм я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу.

Мы Iуэхугъуэм лъэныкъуэгъазэ зэхуэмыдэхэр къызэщIеубыдэ: «Мелодия сердца» макъамэмкIэ, «Кукла в национальном костюме» IэрыкIэмкIэ, «Родной язык — душа народа!» лъэпкъыбзэ усэ къеджэнымкIэ зэпеуэхэр. Абыхэм жыджэру зыкъыщагъэлъэгъуащ зи ныбжьыр илъэси 7-17 ит сабийхэм.

НыбжьыщIэхэм яхъуэхъуну къеблэгъащ динырылажьэхэр, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутатхэр, республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэм и лIыкIуэхэр, Черкесск къалэм и мэрым къыбгъэдэкIахэр.

Псыхуабэрэ Черкесскрэ я Феофилакт архиепископым къыбгъэдэкIыу Сергиевскэ еджэныгъэхэм хэтахэм яхъуэхъуащ Никольскэ члисэм и щихъ Гурин Александр. Абы фIыщIэ яхуищIащ мы Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм, илъэсипщI хъуауэ егъэджэныгъэхэр егъэфIэкIуэным зи гуащIэ хэзылъхьэ дэтхэнэми.

— Мы Iуэхум зэкъуегъэувэ ди хэгъуэгум и щIалэгъуалэр. Мыбдеж сабийхэм зыщыхуагъасэ я Хэкур фIыуэ ялъагъуу къэтэджыным. А щапхъэ дахэм, дэ, нэхъыжьхэри нэхърэ дыдрегъэхьэх. Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым сабийхэм я щэнхабзэр, хабзэр зэрагъэлъэгъуэфыр, абыкIэ зэрызэхъуэжэфыр ди къэкIуэнум и унэтIыныгъэфI мэхъу, — жиIащ Гурин Александр.

АдэкIэ зэпеуэм щытекIуахэр утыку кърашащ, я нагъыщэхэри иратыжащ.

Гуащэ щIынымкIэ, абы ящыгъынхэр къэгъэщIынымкIэ зэпеуэм щытекIуахэм я нагъыщэхэр яритыжащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) экономикэ политикэмкIэ, хьэрычэтымкIэ, бжыгъэ зыужьыныгъэмрэ туризмэмрэкIэ и Комитетым и тхьэмадэ, «Русь» зэщIэхъеныгъэм и унафэщI Ганшин Алексей.

— НыбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэмкIэ, дагъэлъэгъуа зэчиймкIэ сайхъуэхъуну сыхуейщ. Хьэлъэт мыбдеж щытлъэгъуахэм гуащэ нэхъ дахэр, лэжьыгъэ нэхъыфIыр къыхэхыныр. Сохъуэхъу дэтхэнэми мы еджэныгъэхэр, зэпеуэ цIыкIухэр дяпэкIэ къапэщылъ текIуэныгъэшхуэхэм и щIэдзапIэ яхуэхъуну. Сыхуейщ егъэджакIуэхэм фIыщIэ щхьэхуэ яхуэсщIыну цIыкIухэм IуэхугъуэщIэхэр къэгъуэгурыкIуэ зэрахуэхъум папщIэ. Псоми ехъулIэныгъэрэ зэIузэпэщрэ! — жиIащ Ганшин Алексей.

Творческэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм щытекIуахэм я нагъыщэхэр яхуигъэфэщащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министрым и къуэдзэ Бэчыжь Фатимэ. Абы къыхигъэщащ илъэсипщIым кърагубыдэу мы Iуэхугъуэм зэрызиубгъуар, абы еджакIуэ куэди зэрызэришэлIар.

Черкесск къалэм и мэрым и къуэдзэ Иенсен-Данильчук Еленэ усэ къеджэнымкIэ зэпеуэм щынэхъыфIхэм я цIэр кърихуащ, нагъыщэхэри яхуигъэфэщащ. КъЧР-м егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм здыхагъахъуэ институтым и проректор Кравченко Иннэ мы Iуэхум фIыуэ хэлэжьыхьа егъэджакIуэхэм ФIыщIэ тхылъхэр яритащ.

Лъэпкъ гуащэ IэрыкIхэм я зэпеуэм щынэхъыфIхэм я лэжьыгъэхэр утыкум щагъэлъэгъуащ.

ЕджакIуэхэм зэхыхьэр ягъэдэхащ къафэхэмкIэ, усэхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ. Къэпсэлъахэм я гупсысэр зыхуэунэтIар зыт — сыт хуэдэ лъэпкъым дыщымыщми, сыт хуэдэ диным дыщIэмытми, зэкъуэтыныр нэхъыщхьэщ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Къэрэшей-Черкесым спорт гимнастикэмкIэ республикэ еджапIэр къызыхуэтынышэу къагъэщIэрэщIэжащ «Физкультурэмрэ спортымрэ зайгъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ.

Спорт инфраструктурэ

Гимнастхэм йогугъу

ЛIыщIыгъуэ ныкъуэм щIигъууэ мы IуэхущIапIэм и инженер зэпыщIэныгъэхэр, и унащхьэмрэ и гупэмрэ зэрыщыту зэрахъуэкIащ, щхьэгъубжэщIэхэмрэ бжэхэмрэ хагъэуващ, зыгъэсэныгъэ пэшымрэ адрей пэш щхьэхуэхэмрэ (зытIэщIыпIэхэр, зыгъэпскIыпIэхэр) зэманым тегъэпсыхьауэ къызэрагъэпэщыжащ. Абы къинэмыщIауэ, еджапIэм къедза щIы Iыхьэхэри зэIузэпэщ ящIащ, иджы зыгъэсапIэм къыщIэкIыжыну сабийхэр зыщтэжыну адэ-анэхэм жьантIэшхуэ яIэнущ.

Урысейм гимнастикэмкIэ и Федерацэмрэ абы и президент Белозеров Олегрэ фIыщIэ щхьэхуэ яхудощI гимнастикэ IэмэпсымэщIэхэм я комплект псомкIэ дыкъызэрызэрагъэпэщам папщIэ. Спорт еджапIэм и пэшышхуэм матэхэмрэ гимнастикэ алэрыбгъумрэ къыщагъэщIэрэщIэжри, зэхьэзэхуэхэм еплъыну къекIуэлIэнухэм тIысыпIэхэри зыхуей хуэдгъэзащ.

Нобэ спорт гимнастикэмкIэ республикэ еджапIэм ныбжьыщIэ 350-м нэблагъэ къокIуалIэ: илъэситху зи ныбжь цIыкIухэм къыщыщIэдзауэ спорт иным зи фIэщу егупсысыжхэм щиухыжу. Шэч къытетхьэкъым апхуэдэ иджырей тыншыпIэхэр диIэ зэрыхъуамкIэ цIыху нэхъыбэ къызэрыдэтхьэхыным.

Спорт гимнастикэмкIэ еджапIэм фIащащ абы и гъэсэн цIэрыIуэ, ди лъахэгъу, КъЧР-м и тхыдэм щыяпэу Олимп чемпион хъуа Василенко Дмитрий и цIэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар псэужкъым.

Шэчыншэу, ди чемпионым и цIэм дигу къызэригъэкIыжынум Олимп лъагапIэм ухуэзышэ гъуэгур мыбдеж, дызыщапIа еджапIэм и пэшым, дызыщалъхуа къалэмрэ хэгъуэгумрэ къыщожьэ. А зыпсыхыпIэм и блынэм республикэ псор, Урысейр зэрыгушхуэ чемпионхэр иджыри мымащIэу къыщIрекI!

АБЫКЪУ Къамырзэ

Контракт къулыкъу



СТАНЬ ПРИМЕРОМ ПАТРИОТИЗМА И ГОРДОСТИ
для будущих поколений — выбери путь единства, братства и преданного служения Родине

В Карачаево-Черкесии объявлен набор в элитное добровольческое интернациональное подразделение «Домбай».

Подразделение «Домбай» – это особые условия службы по контракту для мужчин от 18 до 55 лет:

- срочный контракт от 6 до 12 месяцев без автоматических продлений;
- единовременные денежные выплаты и достойная заработная плата;
- современное обмундирование;
- статус ветерана и все льготы по окончании контракта;
- сохранение основного рабочего места на период прохождения службы в добровольческом подразделении.

Подразделение «ДОМБАЙ» будет действовать в составе прославленной бригады «ТЕРЕК».

Подробнее по адресу: Штаб общественной поддержки Карачаево-Черкесии, г. Черкесск, ул. Кооперативная 6 (2 этаж) или по тел. 8 918 712 00 23. (Звонки принимаются в будни с 09.00 до 18.00)

Стать частью братства «Домбай» - значит стать частью великой миссии!

Черкес хэку
/vk.ru/cherkes_hakukchr

Черкес хэку

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ:
ДЗЭМЫХЬ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
цифровой каналхэм я зыужьыныгъэмкIэ и къудамэм и редактор АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактору: ДЭБАГЪУЭ Хьэтыжь, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
P — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкl бжыгъэр 2800 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
дежурнэ редактор БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ